

Egzanp Dokiman yo Aksepte yo Prèw Idantite

Kat rezidans pèmanan Etazini (Kat Vèt), Pèmi Travay Etazini, Natiralizasyon, Liv Paspò Ameriken oswa Kat, Lisans Kondi, DMV ID ki pa Peyè-Driver an, IDNYC, Sètifika Natiralizasyon Etazini, Sètifika Sitwayènte Ameriken, NYS EBT/CBIC Kat, Idantifikasyon lekòl la, Sètifika Maryaj, Batistè

Prèw Rezidans

Lèt Akò Rezidans, Akò Kontra-Lwaye (pa ekspire), Resi Lwaye a (pou 90 dènye jou yo), Deklarasyon ipotèk oswa dosye taks sou pwopriyete, Bòdwo sèvis piblik/Deklarasyon Labank (90 dènye jou yo), Anvlòp ki make So lapòs (90 dènye jou yo), bòdwo otèl/motèl, bòdwo Lopital, Oto-Deklarasyon Rezidans

Prèw Revni Kay ou

Fich Pèman, Lèt Travay, Lèt Prim Pansyon, Lèt Revni Asistans Piblik, Lèt Sipò Timoun/ Alimòni, Lèt Prim Pèman Chomaj, Lèt Prim Sekirite Sosyal, Lèt Prim SSI/SSD, Lèt Prim Konpansasyon Travayè, W2/Deklarasyon Taks ki pi resan, Lèt Sipò, oswa Deklarasyon Pèsonèl Sou Revni.

Verifikasyon si w kalifye pou asirans lan

Si yon Asistan nan yon lòt òganizasyon te deja fè tès depistaj pou kalifikasyon pou asirans ou an oswa poukont ou atravè Mache Sante Eta New York (30 dènye jou yo)

E si mwen resevwa yon fakti pandan m ap tann pou m jwenn enfòmasyon nan men kouvèti asirans sante mwen an?

Si w te aplike pou asirans sante, nou p ap mande w pou w peye fakti a pandan y ap revize aplikasyon w lan. Si w resevwa yon fakti, ou ta dwe kontakte nou oswa mande pou w pale ak yon konseye finansye ki pral ede w.


Kòman pou m aplike?

Konseye finansye nou yo ka ede ou aplike pou kouvèti asirans sante oswa pou asistans finansye. Rele 1-844-692-4692 epi chwazi opsyon 3 pou w pale ak yon konseye finansye.

NYC
HEALTH+
HOSPITALS



NYC Health + Hospitals Asistans Finansye



Ale sou nyccare.nyc pou enfòmasyon sou lòt fason pou aplike.

NYC Health + Hospitals bay swen sante pou tout moun. Nou respekte dwa ak vi prive tout pasyan sa ki genyen ladann moun ki san papyè yo. Nou ede tou moun ki pa pale Anglè pale ak doktè ansanm ak lòt anplwaye yo. Anplwaye nou yo pale anpil lang ki genyen ladann, Albanyen, Arab, Bengali, Chinwa, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Endou, Koreyen, Polonè, Ris, Panyòl, ak Oudou. Sèvis entèpretasyon yo disponib tou. Ou ka jwenn enfòmasyon nan lang ou.

Pou aprann plis
epi pou enskri rele

1-646-NYC-CARE
1-646-692-2273

nyccare.nyc



RETE KONEKTE. SWIV NOU.

NYC
HEALTH+
HOSPITALS



Ou pa gen Asirans Sante?
Pa enkyete w, nou ka ede w.

Ou gen dwa jwenn swen sante bon jan kalite ak abòdab. Pi bon fason pou w asire w swen yo abòdab se pou w enskri nan asirans sante a. Nou ka ede eksplike chwa ki disponib pou ou yo epi asiste w nan enskripsyon nan plan ki pi bon pou ou ak fanmi w. Si ou pa kalifye oswa ou pa kapab peye nenpòt nan plan asirans sante gratis oswa bon mache ki disponib, ou ka kalifye pou youn nan pwogram asistans finansye nou yo – NYC Care Options – pou rann sèvis swen sante nou yo abòdab pou ou menm ak fanmi ou.

Kijan m ap fè konnen chwa ki disponib yo?

Pale ak yon konseye finansye NYC Health + Hospitals yo ki ka ede ou menm ak fanmi w enskri gratis oswa a bon mache nan yon asirans sante si w kalifye. Konseye finansye nou yo la pou ede w chwazi pami yon latriye plan asirans sante ou gen dwa kalifye pou yo. Si w pa kalifye pou ankenn plan asirans, ou pa ka jwenn ankenn kouvèti pwoteksyon asirans oswa w pa genyen lajan pou w peye swen medikal, ou gendwa kalifye pou youn nan pwogram asistans finansye nou yo.

NYC Care disponib pou moun ki pa kalifye pou asirans sante oswa ki pa gen mwayen epi ki abite nan Vil New York.

Options disponib pou moun ki pa kalifye pou oswa ki pa gen mwayen asirans sante epi ki abite oswa ki ap vizite Vil New York oswa konte Nassau oswa Westchester yo.

Poukisa asirans sante enpòtan?

Pèsonn pa renmen soufri oswa malad, men evènman medikal sanzatann rive. Lè w genyen yon plan asirans sante sa ede peye kèk nan depans sanzatann yo, sa ki gen ladann gwo fakti medikal k ap kontinye ak preskripsyon medikaman, epi sa ka ba ou lapè nan tèt. Nou konnen tou ke moun ki genyen asirans sante genyen plis chans pou jwenn swen prevansyon ke yo menm ak fanmi yo bezwen pou rete an sante.

Kontinye

Etap 1:

Jwenn gwosè fwaye w (tanpri mete tout granmoun ak timoun k ap viv avèk ou).

Etap 2:

Answit, jwenn montan yo peye w nan yon ane nan youn nan nivo yo.

Etap 3:

Swiv kolòn nan rive jis anba nan tablo a pou jwenn konbyen y ap mande w pou w peye dapre gwosè fwaye w epi salè pou vizit klinik yo, vizit sal ijans yo, ak sejou ospitalye yo.

Nivo Povrete Federal (FPL)	200% FPL	201 - 250% FPL		251 - 300% FPL		301 - 350% FPL		351 - 400% FPL		401 - 500% FPL	
Konbyen moun ki nan Fwaye a	Mwens pase	Plis pase	Mwens pase	Plis pase	Mwens pase	Plis pase	Mwens pase	Plis pase	Mwens pase	Plis pase	Mwens pase
1	31,300	31,301	39,125	39,126	46,950	46,951	54,775	54,776	62,600	62,601	78,250
2	42,300	42,301	52,875	52,876	63,450	63,451	74,025	74,026	84,600	84,601	105,750
3	53,300	53,301	66,625	66,626	79,950	79,951	93,275	93,276	106,600	106,601	133,250
4	64,300	64,301	80,375	80,376	96,450	96,451	112,525	112,526	128,600	128,601	160,750
5	75,300	75,301	94,125	94,126	112,950	112,951	131,775	131,776	150,600	150,601	188,250
6	86,300	86,301	107,875	107,876	129,450	129,451	151,025	151,026	172,600	172,601	215,750
7	97,300	97,301	121,625	121,626	145,950	145,951	170,275	170,276	194,600	194,601	243,250

Vizit Klinik Medikal	\$0	\$20	\$20	\$30	\$40	\$50
Vizit Klinik Sante Konpòtman	\$0	\$15	\$20	\$30	\$40	\$50
Vizit pou vaksen sèlman	\$0	\$0	\$0	\$0	\$0	\$0
Vizit nan Sal Ijans	\$0	\$30	\$30	\$60	\$60	\$100
Medikaman sou Preskripsyon (pou chak preskripsyon)	\$0	\$3	\$3	\$6	\$6	\$20
Operasyon anbilatwa	\$0	\$200	\$200	\$450	\$450	\$650
Imajri avèk Rezonans Manyetik (MRI)	\$0	\$50	\$50	\$100	\$100	\$150
Tomografi avèk Emisyon Poziton (PET)	\$0	\$150	\$150	\$300	\$300	\$500
Ospitalizasyon	\$0	\$150	\$400	\$900	\$1200	\$1500
Ko-pèman, Ko-asirans ak Dediktib	\$0	10% nan pri pataje		20% nan pri pataje		30% nan pri pataje

Frè pou pasyan ki gen fwaye ki gen salè ki plis pase sa nou mansyone avan yo ap fèt sou baz Tarif Pèman Pèsonèl NYC Health + Hospitals.